

Enstriksyon Preparasyon Golytely pou 2 Jou

Refere ak fich enstriksyon sa a pou jwenn enstriksyon preparasyon entesten yo, **PA** sa ki vin ansanm ak medikaman yo. Rezilta tè s sa yo depann de si kolon w byen netwaye epi pa gen anyen ladan l. Poupou (matyè fekal) ki anndan gwo entesten w yo kapab kache maladi ak timè ki kapab prezan. Tanpri, suiv enstriksyon sa yo byen; sinon egzamen yo kapab pa presi oswa y ap bezwen refè yo.

2 Jou anvan pwosedi ou a—Kòmanse pran yon rejim ki pa gen anpil fib. (**W ap jwenn enstriksyon sou rejim yo nan kazyè ki pi ba a**)

- **BAGAY KI BON POU PRAN:**
Soup, pwason, blan poul, zèl poul, ze, diri blan, bonbon sèl, yogout antye (limit 2 vè), ji fwi ki klè, te oswa soda ki klè, nouy, espageti, makawoni, pòm detè san po a, bouyon, Jello, sisèt glase ak fwi, sisèt glase, jele, sèl, pwav ak sik (Pa pran bagay ki Wouj, Ble, Jòn Abriko oswa Vyolèt).
- **SA KI ENTÈDI YO:**
Fwi (fre oswa sèch), po fwi, nwa, grenn, legim, rezen, jiwòf (yon kalite epis), ak jele ki gen fwi ladan l.
- **2 boutèy sitrat mayezòm** –1 dòz nan maten ak 1 dòz nan aswè. **Sa pa yon preskripsyon epi w ap pral bezwen achte l mete sou Golytely a.** Ou kapab jwenn sa a nan nenpòt famasi san w pa bezwen preskripsyon.

1 jou anvan Pwosedi w la

- **12 AM:** Kòmanse yon rejim a likid klè nan maten sa a epi kontinye konsa pandan tout jounen an. *Nan jou sa a, **PA** konsome okenn lòt bagay ke likid klè nan tout jounen an pou asire w netwaye trip ou byen.* (**W ap jwenn enstriksyon sou rejim yo nan kazyè ki pi ba a**)

BAGAY KI BON POU BWÈ:

Ji pòm, ji rezen blan, limonad, Gatorade, dlo, te (pa pran lèt), kafe (pa pran krèm), Kool-Aid, bwason dous ki klè, bouyon bèf ki klè, bouyon poul ki klè, sisèt glase, Jello, ak bonbon di (Ki pa Wouj ni Vyolèt).

SA KI ENTÈDI YO:

Pwodui ki gen lèt yo (lèt regilye, lèt zanmann, tout fwomaj yo, krèm, krèm kafe an poud oswa an likid, yogout, fwomaj kotaj, bè), pwodui lèt "atifisyèl" (lèt soja ak pwdui "san laktòz" yo), nenpòt bagay ki Wouj, Ble, Jòn Abriko oswa Vyolèt, Alkòl (kenpòt kalite a), tout aliman ki gen pilp (ji zoranj)

- **8AM: Prepare Melanj ou a:** Ajoute dlo wobinè w konn itilize a (pa twò frèt pa twò cho) pou w fè l rive nan mak plen nan veso ou mete GoLYTELY ladan l lan epi souke l byen souke. Apre w fin souke l, mete melanj lan nan frijidè.
- **5PM: Kòmanse bwè** melanj GoLYTELY a. Bwè yon vè chak 10-15 minit pandan pwochen 2 èdtan yo. Kontinye bwè jiskaske w rive sou mwaye veso a. Yon fwa ou fini bwè mwaye a, bwè de lòt vè 16 ons dlo.
- **Asire w pran anpil likid** paske sa ap ede w pa dezidrate epi sa ap ede nan netwayaj kolon an.

Kòmanse **5 èdtan anvan lè pwosedi w la**, kòmanse bwè dezayèm mwaye GoLYTELY a, bwè yon vè chak

Jou Pwosedi w la

10-15 minit pandan pwochen de èdtan yo, epi fini ak li omwen 3 èdtan anvan lè pou w rive a.

- **3 èdtan anvan w rive: PA PRAN ANYEN DITOU NI POU MANJE, NI POU BWÈ, NI MENM POU MOULEN** jiskaske w fin fè tè s la. Lè w konsome nenpòt bagay apre lè sa a, sa pral lakòz gen yon reta nan pwosedi w la oswa yo ka menm anile l.

Pou kesyon sou pwogramasyon oswa zafè medikal oswa preparasyon yo, tanpri rele nan 239-343-6222

Pou kesyon sou faktirasyon yo, rele nan 239-343-5516